Гъатхэпэм и 8-р ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№38 (21.696) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президентыр Хлопонин Александр йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Хлопонин Александр и ныбжьыр ильэс 45-рэ зэрыриухъукІэ ехъухъухъащ икІи а махуэм ар и кьэру ильыгъуэу, къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэу зэрырихьэлІэр къыхигъэщхьэхуІащ.

Хъуэхъу телеграммэм итщ: «Уэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэу уэзрагъэувам, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ ЛІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым укьыз эрагъэкІуам социально-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт ищІыжьну, зэрыщыту гъашІэр иригъэфІэкІуэну ди щІыналъэм щыпсэуфхэр щогугъ. Шэч кьытехьэркьым апхуэдэ гугъапІэ дахэхэр нахуапІэ зэрыхьунум. Узыншагъэ быдэ, ефІакІуэныгъэ уиІэну, хэкум зиужьын папщІэ илъэ куэдкІэ ехъулІэныгъэхэр уиІэу улажьэну си гуапэщ».

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэ Гъатхэпэм и 8-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен

Зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Правительствэм я цІэкІэ икІи си щхьэкІэ сэ кьызбгъэдэкІыу ди цІыхубз лъапІэхэм сыныбохьуэхьу къэбгъэга махуэщхуэмкІэ - ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-мкІэ. Фэ фи цІэм пыщІащ гуфІэгъуэрэ гуапагъэу щыІэр, ди екъулІэныгъэ мащІэхэри екъулІэныгъэ инхэри. Дыщальхуа республикэм и ІэнатІэ псоми зегъэужьыным, ди цІыхухэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным фэ хэфщІыхьыр кьыпхуэмылытыгъэм хъэдизщ. Дэ икъуэкІэ догъэщІагъуэ икІи фІыщІэшхуэ фхудощІ фи губзыгъагъэмрэ дахагъэмрэ, гуапагъэмрэ псэемыблэж лэжьыгъэмрэ папщІэ.

Дэтхэнэ жьылагъуэми игъэта зыужьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэр абы жьэгу пащхьэм и хуабэр зыхьуэмэ цІыхубзым щиІэ пщІэрщ. ЦІыхубзым и гъашІэр щыгъэпсынщІэныр республикэм и властым и органхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу сыт щыгъуи щытащ, дяпэкІи апхуэдэу кьекІуэкІынщ. Дэ тхуэзэфІэкІ псори длэжьынущ кІуэтэху нэхъыфІу фыпсэун папщІэ икІи лэжьыгъэкІэ, жылагъуэ зэфІэкІкІэ нэсу зыкъэгъэльэгъуэн папщІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр кьызэдгъэпэщынущ.

Гуфіэгъуэ махуэшхуэм ирихьэлІэу ди цІыхубзхэм сыныбохьуэхьу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насыпэ, ефІакІу эныгъэ фиІэну.

Сыт щыгъуи

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз лъапІэхэ!

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и цІэкІэ си гуапэу сыныбохьуэхьу гъатхэ махуэ гъуэзэджэмкІэ - Гъатхэпэм и 8 махуэмкІэ.

Сыт щыгъуи фызэрыгуапэу, фызэрыдахэу, фызэрыгубзыгъэу, фызэрыбэшэчу фыщыт. Фэри фи Іыхьлыхэми лъагъуныгъэ, узыншагъэ, мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ фиІэну ди гуапэщ. Шэч кьытесхьэркьым дызыкьхьа гъатхэм фэ гугъапІэщІэхэр, гуфІэгъуэщІэхэр, ефІакІуэныгъэ кьызэрыфхудэкІуэнум!

«Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь **ЖАНЫМ Руслан.**

Жьэгу пащхьэр зыхъуумэхэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ цІыхубзхэм я махуэ лъапІэмкІэ іоухъуэхьу!

Жьэгу пащхьэр тхуэфахъумэу, лъэпкъыр тхуэзгъэбагъуэзэрэ щІэблэ уэзыгъэгъасэу, ди псэукІэр евгъэфІакІуэу, дуней псом щафІэтелъыджэ хьэл-щэн дахэ, тепльэ екІу, екъулІэныгъэ ин фиІэу дяпэкІи Тхьэм фыкъыддигъэгъуэгурыкІуэ.

ФІыгъуэм и къежьапІэ

Ди цІыхубз лъапІэхэ!

Гъатхэ махуэшхуэ гъуэзэджэмкІэ - ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэ гъатхэпэм и 8-мкІэ дыныбохьуэхьу.

Ди гуапэщ узыншагъэ, насыпэ, ефІакІуэныгъэ фиІэну, фи унагъуэхэм берычэт илъыну, фи благъэхэмрэ фи Іыхьлыхэмрэ я лъагъуныгъэр зыхэфщІэну, ди республикэр гъэпсыну!

Зэи зыщывмыгъэгъупщэ бзылъхугъэр къару лъэщу зэрыщытыр, ар фІэрыщ псоми эракъежьапІэр, абы щІылъэм гъащІэр зэрыщызэтриІыгъэр.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр реском.

Гуапагъэри дахагъэри къапкърокІ

● Дыгъуасэ



Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлІэу дыгъуасэ щекІуэкІащ республикэм и бзылъхугъэхэр щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ пшыхь. Удз гъэгъахэмрэ щар гъэпщахэмкІэ гъэщІэрэщІа залышхуэм цІыху куэд щызэхуэсат. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, жылагъуэм щыцІэрыІуэ цІыху пажэхэр.



ПШЫХЬЫРКъБКъУ-м и «Каллисто» ансамблым игъэзащІэ къафэ дахэкІэ къызэІуахащ. ЗэІуцІэр езыгъэкІуэкІа «Хьэтхэр» ансамблым и уэрэджэщІакІуэ гупым хэт **Бэч Азаметт,** «Налшык-Экспресс» КВН-м щыджэгу **Битокъу Владимир,** «Иман» гупым и уэрэджэщІакІуэ **Жабоев Арсен** сымэ гуфІэгъуэ пшыхьым къыпащащ бзылъхугъэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэкІэ.

Адэкіэ республикэм и бзылъхугъэхэм ехъуэхъуну утыкум кьраргъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Меркулов Александр.** Кьызэхуэсахэм ар кьахуеджащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэм и щІыхькІэ республикэм и бзылъхугъэхэм Зэрызахуигъазэм.

- Нобэ ди къэралми, дунейм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми щагъэлъапІэ ЦІыхубзым я гум, я псэм къехуэбылІэ махуэ дахэ - Гъатхэпэм и 8-р. Ди гуапэу дэри дынывохъуэхъу а махуэ лъапІэмкІэ, - жиІащ Меркуловым. - Унагъуэм, жьэгу пащхьэм я хъумакІуэу зэрыщытым нэмыщІ, иджырей бзылъхугъэхэр жьыджэру хэтщ къэрал гъащІэм и унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэм. Абыхэм хэлъхьэныгъэ хуащІ политикэми, экономикэми, щэнхабзэми, кьулыкъу лъагэхэр ехъулІэныгъэ пылъу зэрахьэ. Ди республикэм и зыужьыныгъэм хэфлъхьэ апхуэдэ фи гуащІэм папщІэ фІыщІэ ин фхудощІ.

Республикэм и бзылъхугъэ псоми узыншагъэ фиІэну, унагъуэ насыпрэ быным кьыват дэрэжэгъуэмрэ фыщымыщІэу, дахагъэмрэ гукъыдэжьымрэ фи бэу куэдрэ фыпсэуну иджыри зэ гуапэу сыныбохьуэхьу!

Бзылъхугъэхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэм иужь, пшыхьыр езыгъэкІуэкІхэм утыкум ятыкъраргъэблэгъащ республикэм и щэнхабзэ лэжьакІуэхэр.

Уэрэдхэмрэ къафэхэмкІэ гъэнщІа концерт дахэм хэтащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу **Ташло Алийрэ Зеущэ Іэуесрэ,** КъШР-м щІыхь зиІэ и артист **Газаев Алим, Іэрэмысэ Азрэт, Бэч Азэмэт,** «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэр, КъБКъУ-м и «Амикс», «Каллисто» гупхэр, нэгъуэщІхэри.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЦІыкІуэ

Алыджым и гугъуехьхэр

Афины зыкъыщыщыІэтахэм я пэкІур къызэІуахащ Евросоюзым и бэракъыр зэрагъэсамкІэ.

Абыхэм якъахэкІащ полицейхэм мывэ езыутІыпщащ гуп. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ нэпс къыщІэзыхъу газ полицэм къыгъэсэбэныным.

Алыджым и парламентым нобэ-пшэдей къищтэн хуейщ мылъкур тКІийуэ къэралым щызэгъэзэхуэным лъабжьэ хуэхъуну хабзэр. Еврэ мелардиплІрэ мелуан 800-рэ бюджетыр щощІэри, а Іэмал гугъум хуэкІуэным правительствэр ирехулІэ. Европэм дэІэпыкъуэгъу къыщыдгъэхьуэу, премьер-министр Георгиос Папандреос дыгъуасэ щыІащ Люксембурги Берлини, арщхьэкІэ Германием и унафэщІ Меркель Ангелэ нэхъапэІуэуи абы къыгуригъэІуат Алыджым зыкІи зэрыдэмыІэпыкъуфынур.

ЦІыху 1000

Гъатхэпэм и 7-м Ираным парламентыщІэ щыхьэныщ.

Депутатхэм я мандату 325-рэ щыІэу аращ, хэхьныгъэхэм хэтынухэм я бжыгъэр цІыху мини 6-м ноблагъэ. Махуэкум яублащ пІалъэр къэмысу екІуэкІ хабзэ хэхьныгъэхэр. Абы хэтынущ цІыху мин 700-м нэс. Ахэр и нэхьыбэм полицейскэмрэ зауэлІхэмрэщ - хэхьныгъэхэр щекІуэкІыну махуэм уэрамхэр, участкхэр зэрахъумэнум кьыхэкІыу, нэхъ пасэу Іэ иратъэІат, хэхьныгъэхэр я лэжьыгъэм зэран хуэмыхъун папщІэ.

А Іуэхум терактКІэ пежьащ щІэпхьаджащІэхэр - Багдад къыщагъэуа бомбэм цІыху 14 иукІащ, 48-рэ уІэгъэ ищІащ. Километр 60-кІэ Багдад пэжьжьэ Баакубэ щыхэкІуэдащ цІыху 1000-м щІигъу. Абы террористхэм къыщагъэуащ бомбэ зыбжанэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Цы Іуданэм вы егъэгъэпэрапэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 6, щэбэт

◆ **Ганэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - 1957 гъэм къэзгал щхьэхуэ хъуащ.

◆Москва щекІуэкІынущ сноубордымкІэ дунейм и кубокым щыщІэбэныну зэхьэзэхуэ.

◆ 1929 гъэм кьалъхуащ абхъаз тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат Искандер Фазил.

Гъатхэпэм и 7, тхьэмахуэ

◆Иракым Парламент щыхах.

◆ Лос-Анджелес (Калифорниё штат, США) щызэхэтынущ Америкэм киногъуазджэмкІэ и академием и «Оскар» саугъэтыр щатыну 82-нэ зэхьхьэ.

◆ 1803 гъэм пащтыхь Александр I унафэ кьыдигъэкІащ Къэбэрдеищым Кисловодск (Нартсанэ) быдапІэр щыуэхуэным теухуауэ.

Гъатхэпэм и 8, блыщхьэ

◆ **ЗэныбжьэгъуГъэм и махуэщ**

◆Гъатхэпэм и 8 - 11-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и зэІущІэ.

◆ 1923 гъэм «Адыгэ макъ» (Адыгей) газетыр ягъэ кьыдэкІащ.

◆1944 гъэм балъкъэр лъэпкъыр щыпсэу щІыналъэм ирашащ.

Гъатхэпэм и 9, гъубж

◆Гъатхэпэм и 9 - 12-хэм Абу-Даби (Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэр) щызэІущІэнущ дунейпсо хьыбарегъащІэ ІэнатІэм щылажьэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр.

◆Гъатхэпэм и 9 - 11-хэм Париж (Франджы) гъэсыныпхъэхэмкІэ XI европэпсо зэІущІэ щекІуэкІынущ.

◆Гъатхэпэм и 9 - 11-хэм Амстердам (Нидерландхэр) щызэхэтынущ кхъухьлъатэхэр хьэуам щызэблэгъэкІыныжкІэ дунейпсо зэІущІэрэ еплъыныгъэрэ.

◆Гъатхэпэм и 9 - 12-хэм Токио (Японие) щекІуэкІынущ щынагъуэнщагъэ технологиемкІэ дунейпсо еплъыныгъэ.

Планэрэр зыгъэхьэзырар ГУЦІО Зарифщ.

● Ди куейхэм

ІэнатІэ цІыкІуэхэр къызэІуах

«2013 гъэ пщІондэ хьэрычэт Іуэху мыныкрэ курытымрэ зэрызэужьынымрэ ахэр зэрыдаІыгъыкІыурэ» щІыпІэ программэм ишІ ИтІ, ПІэрэдж районым Іуэхущ1ащІэ 450-м щІигъу къыщыІэрагъэпэщыну я мурадщ. Ахэр хуэунэтІауэ щытынущ мэкъумэщ хозяйствэм, Іуэхуитхьэбзэщ1апІэхэм, туризмэм.

« КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щІалэгъуалэм я хьэрычэтыщІэ зэрэдэмыр щыдэІыгъыным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм кьищта Унафэм зэрыщыубзыхуам тету, 2009 гъэм куейм щыщ щІалэхэу Къэзакъ Алий, Занибеков Хьусей, Журт Алим, Жангуразов Руслан сымэ, зи лэжьыгъэ хьыдэхьыжьыну тегушхуа нэгъуэщІ 22-ми хуэдэу, КъБР-м и Президентым деж Хьэрычэтыщ1ІэІуэхуэмкІэ щыІэ советым дтхэжьми кьыщратащ сом мин 262-м тещІыхьа грантхэр. Я бизнес-проектхэм зэрыщаубзыхуам тету, Балъкъэр Ищхьэм санэ фІыщІэ щагъэкІынущ, тыгъэ хьэпшыпхэр щагъэхьэзырынущ, Аушыджэр хъумбылэкІэ ягъэтэджурэ щІакхъуэ щагъэжьэнущ, Бабугент жылагъуэм къаз щагъэхьэнущ.

Мы зэманым куей администрацэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт щІэныр дэІыгъынымкІэ и къудамэм зи ІэнатІэ зыубзыхуэм чэнджэщхэр щрат, я тхьилъхэр щыхъагъэхьэзыр, Іуэху зехьэкІэм щыхагъэгъуазэ.

БОЗИЙ Залинэ.

Щэрэдж куей.

Янукович Виктор епІэщІэкІынукъым

АБХЪАЗ. ***Украинэм и президент Янукович Виктор иджыблагъэ журналистхэм яжриІащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я щхьэхуитныгъэр къилъэтэну зэремыпІэщІэкІынур.***

- СЭ СРАБИЙЩ политикэм напитІ Іуэху хэзылъхьэхэм. Косовэ и щхьэхуитныгъэр кьыщалъытэм щыгъуэ жысІауэ щытащ абы и Іуэжь лъэпкъ зэпэщІэуВэныгъэ здэщыІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щызыхэтщІэнкІэ щынагъуэ зэрыщыІэр. Абы я щапхъэщ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ. Сэ сызэреплъымкІэ, Іуэхум гупсысэ хэлъу ООН-р иджыри зэ бгъэдыхьэн икІи кьехьэкІ-нехьэкІ щымыІэу псоми я зэхуэдэу зэдгъэзэщІэну зы унафэ кьищтэн хуейщ.

Андырхъуей Хъусен ягу къагъэкІыж

АДЫГЕЙ. ***Усакіуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь Андырхъуей Хъусен къызэраІуахрэ илъэс 90 щрикъуа махуэр Адыгеим щагъэлъэпІащ.***

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэхэр республикэм и районхэм, кьалэхэм, лІыхъужьхэр щалъхуа Хьэкурынэ хьэблэм, усакІуэм и цІэр зезыхьэ Адыгэ педагогикэ колледжым щекІуэкІащ, ар щеджа Мамхэгъ курыт еджапІэм фэеплъ пхъэбгъу кІэралъхьащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Андырхъуей Хъусен 1941 гъэм и щэкІуэгъуэм зауэм зэкІуэдащ, Украинэм и Дьяковэ жылагъуэм гэмыжьыжьэу. Нэмыщіхэм кьаухъуреихьа щІалэ хахуэм лагъымкІэ зыкъыгъэуэжауэ щытащ, бий зыбжанэ здихьу. СССР-м и тхаІуэхэм ящыщу Совет Союзым и ЛІыхъужь дамыгъэ лъапІэр япэу зыхуагъэфэщащ араш.

Хагъахъуэ зэпыт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2008 гъэм елъытауэ республикэм кьыщІигъэкІа мэкъумэщ продукцэм 2009 гъэм процентэ 10,7-кІэ хигъэхъуащ икІи ар сом мелард 15-м нигъэсащ.***

РЕСПУБЛИКЭМ Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, 2009 гъэм гъавэщІапІэхэм процент 19,2-рэ хагъэхъуащ икІи гектар мини 136-рэ хъуащ. Хьэцэпэцэу тонн мини 163,5-рэ кьытрахащ. Ар процент 14,3-кІэ нэхъыбэщ 2008 гъэм кьрахьэлІэжам елъытауэ. Фошыгъу жэгунэм процент 30,1-кІэ, кІэртІофым 12,6-кІэ хагъэхъащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт кьыдэкІыгъуэ

● ТекІуэныгъэ-65

ЦІыхухэм йолъэІу

ТЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр ильэс 65-рэ щрикъум зыщыхуагъэхьэзыр мы зэманым КъБР и Архив ІэнатІэм лэжьыгъэ ирегъэкІуэкІ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэтхэр, письмохэр, нэгъуэщІхэр зэхуэхьэсыным теухуауэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, зэхуэхьэсахэр къэралым ихъумэнущ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ мурадхэмкІэ къагъэсэбэпынущ, псом ящхьэращи, Совет Союзым фашизмэр хэгъэщІэным хуищІа хэлъхьэныгъэр зыхуэдизыр пэжу кьегъэлъэгъуэным и щыхьэт хьунущ.

Абы къыхэкІыу КъБР-м и Архив ІэнатІэр Къэбэрдей-Балъкъарым и ЦІыхухэм йолъэІу апхуэдэ тхылъхэр (е абыхэм я копиехэр) кьратыну. А Іуэхур щхьэпэнущ ди лъахэм щыщу зауэм щыІахэмрэ тылым щылажьахэмрэ я щІэиныр хъумэным.

АБЕЙ Анзор.

Сабийхэри балигъхэри щогуфІыкІ

Къызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжри, Прохладнэ куейм хьыхьэ Солдатскэ станицэм къыщызэІуахыжащ «Брицан П.П. и цІэр зезыхьэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэ» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм зи щкол къуитІу мыхъуа и гупхэр №2» сабий гъэсапІэр. Ремонтым трагъэкІуэда сом мелуани 2,3-м щІигъур районым бюджетым къыхэлІащ.

ЗЭГЪЭПЭЩЫЖЬНЫГЪЭ лэжьыгъэхэм нэгъабэ и фокІадэм щІадэри, мы гъэм и щІыпІым яухащ. «АМК» ООО подряд организацэм и ухуакІуэхэм унащхьэр, псы кІуапІэр, ток кІапсэхэр, и кІуэцІымрэ и щІыбымрэ щыІэ фІей щІэжьыпІэхэр зэрахъуэжащ, хуабэ гуэныпІэхэр зыхуей хуагъэзащ. Щхьэгъубжэхэр, бжэхэр, лъэгум щыщхэр ихъуэжащ, псы хуабэмрэ щІыІэмрэ щІапэрэ, къуэдзапІэу щыта пэшым буфет къыщыдзэІуахащ. Мэм и кІуапэ псоми псы къыпыжьпІэщІэкІэр щыфІадзащ, щыхьэпІэхэм я щхьэр кьыпагъэщхьэхуКІащ. Сабий гъэсапІэм и лъжьакІуэхэм пэш кІуэцІхэр ялащ, зэрахьащ. Иджы а псом ныбжьыщІэхэри балигъхэри щогуфІыкІыж.

- КъытщІихуэ щІэблэм тыншыпІэ кьахуэзгъэпэщыным зэпымыуэ гуІыпэтэ зэрыхуащІым папщІэ, щІыпІэ властым фІыщІэ худощ,-жеІэ сабий гъэсапІэм и унафэщІ Юрищынэ Татьянэ.

ЛУПЫРЕВЭ Ириня.

Прохладнэ куей.

●Цlыхубз-политик

ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Татьянэ: Си лэжьыгъэм нэхъ гугъуу хэлъыр зэман куэдыщэ зэрытекlуадэращ

КъБР-м и Парламентым щlалэгъуалэм, цlыхубз зэгухьэныгъэхэмэ хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэмэрэ ядэлэжьэныжьмкlэ и комитетым и унафэщl Хьэщхьуэжь Татьянэ ди щlыналъэм и къулыкъушlэ гуащlафlэхэм яущыщ, цlыхубз-унафэщlым, унэгуащэм я щапхэщ.

Адыгэ нысэ хьуа урыс бзылъхугъэр Налшык къалэ къыщалъхуащ. Фидолог lэщlагъэ зригъэгъуэтащ, урысыбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэу Налшык и курыт еджапlэ №5-м нтъэс зыбжанжкlэ щыгъэкlащ. 1980 гъэм щыщlэдзауэ Татьянэ БЛКСМ-м и Налшык къалэ райкомым, нужькlэ комсомолым и обкомым и инструктору лэжьащ. 1990 - 1993 гъэхэм ар хэтащ КъБР-м и Совет Пэхъущхьэм щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ и комиссэм. 1994 гъэ пlащlэрэ КъБР-м и Парламентым и аппаратым щолажьэ.

Политикэм уэхтыныр цlыхубзым дежкlэ хьалъэу зэрыжаlэм теухуа гупсысэхэмкlэ Татьянэ кьыдогуаш.

- Сэ кьыззэрыслъытэмкlэ, цlыхубзым-рэ цlыхухъумрэ политикэм щауфыв увыпlэхэр зыкlи зэщхьэщыкlыкрэкъым. Ауэ цlыхубз-политикыжьмрэ цlыхухъу-политикымрэ уатепсэтыхьымэ, дауи, зэщхьэщыкlыныгъэшхуэ яlэщ. Ар я гупсысэкlэ, я хьэл-щэн, я лэжьакlэ ирехъри. Псалъэм папщlэ, цlыхубз-политикэр цlыхубзэм я щыlэкlэ-псэукlэм нэхъ тегъэщlауэ мэлажьэ, цlыхухъуэр абы нэхъ хуэгунэфщ. Зи гугъу сщlыр зиныр, сабийм, цlыхубзым я хуитныгъэхэм ехьэпlа lуэхухъэращ.

Абы кьыщынэмыщlауэ, цlыхубзэм политикэр нэхъ щабэ ящl. Псалъэм папщlэ, бзылъхугъэм lуэху къэд зэдехьыф, цlыхум жlэм иодэlуэфэ, хэкlыпlэ кьеГьуэтыф.

А псоми ятепщlыхьмэ, политикэм я процент 30-40-р цlыхубзу щытмэ, апхэдэ къэралым нэхъ зиужьыныщ. КlэщlУ ныпlэмэ, политикэр цlыхубз хэуныкъуэщ. Итlанэ, цlыхубзым кулъкъущlэ lэнатlэ иубгъэмэ, лэжьакlэр зэтриублэфрэ унафэщl тэмэм кьыхэкlамэ, абы адрей бзылъхугъэ псоми я пщlэр кьеlэт, бзылъхугъэхэм яхуэзэфlэкlынур наlуэ кьещl.

Кавказым и цlыхубз-политикхэм уатепсэтыхьмэ, адрей щынапхъэхэм яlэкlэм кудкlэ къащхьэщокl. Ди бзылъхугъэхэр зэи цlыхухъуэм я пэ ильдэрккым, абыхъэм я жьауэм щlэтщ, япэ ялыпlэм хущlэкъуркъым. Ар къыхьхэкlыр цlыхубзхэр дызэрыгумащlэр арагъэнущ. Дауэ мыхьуами, цlыхубзыр политикэм хэтыпхъэщ, абы жиlэм едэlуапхъэщ. Ар демократием и нэщэнэщ.

- **Парламентым и комитетым и унафэщlу уэзэжьныр гугъу? Сыт Iэщlыб пщlын хуей, апхуэдэ къулыкъур уи пщэ къыдэхуа нэужь?**

- Мафэщl lэжьыгъэр зепхьэну гугъу дыдэщ, жэуапльныгъэщхуэ пльтыр. Сэ куэд щlакъым мы къулыкъур зэрысlыгърэ, ауэ куэд дыдэ къызгурыlуащ. Псалъэм папщlэ, Iуэхур щыбублэкlэ зэзыхуэкlуэнур. къальну зыхуэбгъэувыжыр уи нэгу къыщlыхьэу, нэхъыщхьэр къыхэбгъэщlыфу щытын хуейщ. Си лэжьыгъэм нэхъ гугъуу хэлъыр зэман куэдыщэ зэрытекlуадэращ. Цlыхухэр щызэбгрыкlыж, лэжьыгъэм хуэхъ зэманыр и кlэм щынэсам деж, сэ си лэжьыгъэр щlэздзэ къуденуэ зыпсыщхьыр нэхьыбэщ.

- **Щlалэгъуалэм ушыдлажьэкlэ, иджрейхэмрэ илъэс 20 - 30 и пэкlэ щыlахэмрэ зэбгъапщэу къыщlэкlынщ. Сытым гу лъыптэрэ, Татьянэ?**

- Нобэрей щlалэгъуалэр нэхъ базджэщ, губзыгъащ, ауэ нэхъ гугъу йоль. Япэм щыгъуэ щlалэгъуалэ псори кьызэщlрагъэзыбдэу щадлажьэ Iуэхущlапlэкlэр куэду щыlащ, ныбжьыщlэхэм шынэ, уиныгъ жьыхуэпlэкlэр нэхъ яхэлъу щытащ. Абы щыгъуэ щlалэгъуалэм ядэлажьэр, зыгъэсэжыр езыхэм хуэдэ ныбжьыщlэти, «зы бзэкlэ» зэпсалъэрт, зэгурыlуэрт.

- **Парламентаризмэм ди деж зыщlуэжьын папщlэ, сытым нэхъ елэжьыпхъэу къэплъытыгъэ?**

- Нобэрей махуэр къащlэтмэ, ди республикэм парламентаризмэм и увыпlэр щиубыдауэ, псыхьа хьуауэ къысщохъу. Ауэ нэхъри зиужьын папщlэ, цlыхубзэмрэ къэралымрэ зэгурыlуэ я зэхуаку дэлъын хуейщ. Зыр зым зэкиужьу щытыпхъэщ. Езы Парламентым и гугъу пщlымэ, щlалэгъуалэрэ бзылъхугъэрэ нэхъыбэу хэтыпхъэт.

- **Республикэм и цlыхухэр сытым нэхъ игъэпlейтейрэ? Сыт хуэдэ Iуэху къыпахьэлlэпlащ Урысей Федерацэм и цlыхубз артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СКГИИ-м и профессор Гъэсашэ Наталье и ныбжьыр илъэс 70 зэрикъур.**

Министр Фырэ Руслан и хьэжьу.

Гъэсашэ Наталье и гуащlэ телъыджэр

УЭРЭДЖЫЛАКlУЭ цlэрыlуэм и творчествэм дихьэх цlыху куэд къыщыщlэхуэса пшыхьэр иригъэкlуэкlащ СКГИИ-м музыкэм и тхыдэмрэ теоремкlэ и кафедрэм и унафэщl, доцент **Кlымыхъу Людмилэ**.

- Ар ди республикэм фlыуэ къыщылъагъу, псоми яцlыху жьыпlэнри зыри жьмыIэххэнри зэхуэдэщ. И лъахэ-тухэр я бзылъхугъэм мы зэзэрыхущытыр къэпщlэн щхьэкlэ, абы и гъусэу зэхьихьэ гуэрым укъыщыхутэнырэ пхурикъунущ, - жиlащ кlымыхъу Людмилэ. - Нобэ ди зэIуплlапlэ, концерт гъэльэгъуапlэ пэщыщыхуэм цlыху куэд кьыззэрыщыз зэхуэсари и щыхьэтщ ар фэри фlыуэ зэрыфlьагъум. Аращи, утыкум кьыдогъблагъэ зэряджьыlакlуэ цlэрыlуэ Гъэсашэ Наталье.

Апхуэдэ зэуэ, макъамэ дахэмрэ Iэгуаеу инымрэ щlэту, пшыхьыр зыхуагъэльапlэр утыкум кьрашащ. Абы екъуэхьуну апэ псалъэр щратым, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Фырэ Руслан** кьеджащ КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкl хьуэхьу тхьылым икlи удэ гъэгъа матэ Iэщlигъэуващ. Юбилярым ехьуэхьуащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Федченко Людмилэ**. Адэкlэ утыкум кьрагъэблэгъащ Собиновым и цlэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторием Гъэсашэм кьыщыдеджа уэрэджылакlуэхэу **Бэгъуэтыж Светлана**эрэ **Кульбаевэ Людмилэрэ**. Зэрыстудентрэ зэныбжьэгъуу кьыззэдекlуэкl бзылъхугъэхэм я гукъэкlыжхэмкlэ кьыззэхуэсахэм ядэгуэшащ, пшыхьыр кьыззэзыгъэпэщащ хэм псалъэ гуапэкlэ зыхуаГьэзащ.

Юбилярым и гуащlэдэкlымрэ зэфlэкlымрэ, здынэса льагапlэхэм щытепсэльыхьым, пшыхьыр езыгъэжlуэ-кlар кьытеувыщащ гъэзащ. Цlыхухэр щызэбгрыкlыж, лэжьыгъэм хуэхъ зэманыр и кlэм щынэсам деж, сэ си лэжьыгъэр щlэздзэ къуденуэ зыпсыщхьыр нэхьыбэщ.

- **Щlалэгъуалэм ушыдлажьэкlэ, иджрейхэмрэ илъэс 20 - 30 и пэкlэ щыlахэмрэ зэбгъапщэу къыщlэкlынщ. Сытым гу лъыптэрэ, Татьянэ?**

- Нобэрей щlалэгъуалэр нэхъ базджэщ, губзыгъащ, ауэ нэхъ гугъу йоль. Япэм щыгъуэ щlалэгъуалэ псори кьызэщlрагъэзыбдэу щадлажьэ Iуэхущlапlэкlэр куэду щыlащ, ныбжьыщlэхэм шынэ, уиныгъ жьыхуэпlэкlэр нэхъ яхэлъу щытащ. Абы щыгъуэ щlалэгъуалэм ядэлажьэр, зыгъэсэжыр езыхэм хуэдэ ныбжьыщlэти, «зы бзэкlэ» зэпсалъэрт, зэгурыlуэрт.

- **Парламентаризмэм ди деж зыщlуэжьын папщlэ, сытым нэхъ елэжьыпхъэу къэплъытыгъэ?**

- Нобэрей махуэр къащlэтмэ, ди республикэм парламентаризмэм и увыпlэр щиубыдауэ, псыхьа хьуауэ къысщохъу. Ауэ нэхъри зиужьын папщlэ, цlыхубзэмрэ къэралымрэ зэгурыlуэ я зэхуаку дэлъын хуейщ. Зыр зым зэкиужьу щытыпхъэщ. Езы Парламентым и гугъу пщlымэ, щlалэгъуалэрэ бзылъхугъэрэ нэхъыбэу хэтыпхъэт.

- **Республикэм и цlыхухэр сытым нэхъ игъэпlейтейрэ? Сыт хуэдэ Iуэху къыпахьэлlэпlащ Урысей Федерацэм и цlыхубз артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СКГИИ-м и профессор Гъэсашэ Наталье и ныбжьыр илъэс 70 зэрикъур.**

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Федченкэ Людмилэ юбилярым зыхуэгъаз.

УЭРЭДЖЫЛАКlУЭ цlэрыlуэм и творчествэм дихьэх цlыху куэд къыщыщlэхуэса пшыхьэр иригъэкlуэкlащ СКГИИ-м музыкэм и тхыдэмрэ теоремкlэ и кафедрэм и унафэщl, доцент **Кlымыхъу Людмилэ**.

- Ар ди республикэм фlыуэ къыщылъагъу, псоми яцlыху жьыпlэнри зыри жьмыIэххэнри зэхуэдэщ. И лъахэ-тухэр я бзылъхугъэм мы зэзэрыхущытыр къэпщlэн щхьэкlэ, абы и гъусэу зэхьихьэ гуэрым укъыщыхутэнырэ пхурикъунущ, - жиlащ кlымыхъу Людмилэ. - Нобэ ди зэIуплlапlэ, концерт гъэльэгъуапlэ пэщыщыхуэм цlыху куэд кьыззэрыщыз зэхуэсари и щыхьэтщ ар фэри фlыуэ зэрыфlьагъум. Аращи, утыкум кьыдогъблагъэ зэряджьыlакlуэ цlэрыlуэ Гъэсашэ Наталье.

Апхуэдэ зэуэ, макъамэ дахэмрэ Iэгуаеу инымрэ щlэту, пшыхьыр зыхуагъэльапlэр утыкум кьрашащ. Абы екъуэхьуну апэ псалъэр щратым, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Фырэ Руслан** кьеджащ КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкl хьуэхьу тхьылым икlи удэ гъэгъа матэ Iэщlигъэуващ. Юбилярым ехьуэхьуащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**. Адэкlэ утыкум кьрагъэблэгъащ Собиновым и цlэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторием Гъэсашэм кьыщыдеджа уэрэджылакlуэхэу **Бэгъуэтыж Светлана**эрэ **Кульбаевэ Людмилэрэ**. Зэрыстудентрэ зэныбжьэгъуу кьыззэдекlуэкl бзылъхугъэхэм я гукъэкlыжхэмкlэ кьыззэхуэсахэм ядэгуэшащ, пшыхьыр кьыззэзыгъэпэщащ хэм псалъэ гуапэкlэ зыхуаГьэзащ.

Юбилярым и гуащlэдэкlымрэ зэфlэкlымрэ, здынэса льагапlэхэм щытепсэльыхьым, пшыхьыр езыгъэжlуэ-кlар кьытеувыщащ гъэзащ. Цlыхухэр щызэбгрыкlыж, лэжьыгъэм хуэхъ зэманыр и кlэм щынэсам деж, сэ си лэжьыгъэр щlэздзэ къуденуэ зыпсыщхьыр нэхьыбэщ.

Псалъэ ирата нэужь, Гъэсашэм игу кьигъэкlыжащ Африкэм, Кьыкlыпlэ кьэралхэм щыщыlа зэманым и нэгу щlэкlауэ щыта теплъэгъуэхэм, артист хьыбархэм ящыщ зыбжанэ. Апхуэдэзу абы уэрэд зыбжанэ жиlащ, цlыху куэд дэхьыхьэ и макъ дахэм зэрызмыкьуэжар кьигъэльагъу зу.

Гъэсашэ Наталье хьуэхьукlэ зыхуагъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и лэжьакlуэхэм я ныбжьыщlэхэм, профессор Гъэсашэ Наталье и цlэр зезыхьэ урысейпсо зэпеуэм и лауреатэрэ. Апхуэдэу концертым щыlу ащ **Бэ Азэмэт, Узденов Аслъэн, Мэкъуауэ Астемир, Белоцерковская Динэ** сымэ, нэгъуэщlхэмэ жаIа уэрэдхэр. Пшыхьыр зыхуагъэльапlэм Урысейм и щlыпlэ, кьалэ зэмылlэужьыгъуэхэм кьикlыу кьыхуэкlуа хьуэхьу телеграммэхэм кьеджащ, удэ гъэгъа-хэмкlэ, саугъэтхэмкlэ, Iэгуау эшхуэкlэ артисткэр щlагъэнащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Урысей Федерацэм и цlыхубз артисткэ Кьашыргъэ Кlурацэ хуэдэ пшынауэ Iэзэ Кавказым исакьым. Абы и щlэр жьыжь щыlуащ, и пшынальэм нуэ дихьэхт.

Пащты Салимэ и щlыхьыр

●Япэ итахэр

1960 гъэм гъатхэпэм и 7-м СССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и Указкlэ Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхьужь цlэр кьыфlащащ Бахьсэн куэйм Сталиным и цlэр зэрихьэу щыlа колхозым и жэмыш Пащты Салимэ.

Абы лъандэрэ лlэщlыгъуэ ныкъуэ дэкlащ. Совет Союз кьэрал абрагъуэм и нагыщ нэхьыщхьэхэр - Ленин орденыкъэ «Гъбжэрэ Уадрэ» дыщэ медалымрэ - кьызыхуагъэфэща адыгэ цlыхубзым, зэрыгурыlуэгъэщи, куэд т ет-хыхьащ. Занщlэу жысlэнщи, сэ а тхыгъэ псори сигу ирохь. Псом хуэмыдэу усакlуэ икlи тхакlуэ Щомахуэ Амырхэм тхылъ щыкlуу кьыщитхьа и очеркыр. Ауэ Салимэ теухуауэ а ятхахэм зы лъэныкъуэ нэсу кьамыбгъэльэгъуэфауэ кьыслщохъу. Ар абы хэлъа щых угъэгъ.

... Си анэ щыхьыу Аружан унагъуэ ихьэн и пэкlэ ди деж щыпсэуащ. Лэжьэн хуейтэкъэ? Арати, жэмыщу яхуэщlащ Ныбэжь Уэлий зи унафэщl гъэш фермэм тесэм (а зэманым Iэщlыхьуэхэр пщыхьэщхьэкlи я унэ екlуэлlэжьыртэхьым). Уэлий дэ тпэгъынэгъэ зи адъ-анэмрэ абыр жагъуэу зэрыльагъурэтэкъыми, Аружаныр гъуекlагъэсэну зритар а зэманым апхуэдизу щlрыlэу щымыта Пащты Салимэщ. Си анэ щыпхъуми мыгувэу пщlэ игъуэтащ. Дэ ар зыхэтщlащ зэуэ: фо пэгунтl, гуэдз, сэхуран, нартъыху хуэщэ нытку ригъэшауэ щытащ абы тр уДоденкlэ кьилэжьауэ.

Зэгуэр Аружан сришэхащ фермэм. Ар си дежкlэ Венецит: зи гъащlэ псор гугъу ехьу кьеэзыхьэкl цlыхухэр кьызбгъэдыхьэуэр кьызэдэхащlэрт. Iэплlэ кьыскухущlри, Пащты Салимэ пщэфlаIапlэм сыщlишащ, асыхьэтуи лы гъэгъупlагъ дзасэм фlиIури дэпкlэ схуигъэжьащ, мэжаджэ пщты-рымрэ шху щыlэмрэ (а зэманым зэрагъэущlыжу Адфlэунэ Раещ. Пащтым хуэфащэт апхуэдэ пщlэр. Абы и гъэм егащlэ кьэлэлкlэ кьилэжьыгъэ.

Илъэс 50 ирокъу Пащты Салимэ и щlыхькlэ кьуажэдэсхэри хьэщlэхэри зэхуэсу езыр щlалъхуа Куба зэрырагъэбдзэгъэжрэ. Абы и цlэр дыщэ хьэрфкlэ ди лъахэм и тхыдэм кьыхэнащ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Жыжьэ къыщожьэ

Дуней псом цlыхубзым и махуэр щагъэлъапlэн Iэн хуей щlэхьуам' тхьэшхуэ иIэщ. Бзылъхугъэхэм я хуитныгъэхэм нэхъ зэщlэгъэIуауэ икlи кущlэ хуэлъу щlбзэну щыхужьжьар ХХ лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэкlэ, арщхьэкlэ зэхуэмыдэныгъэр ягъэхуэдыжину хущlэкъуахэр куэдкlэ нэхъ пасэу кьыкъуэкlащ. Псалъэм и хьэтыркlэ, Пизан Кристинэ (Урымым щыщт) 1504 гъэм игъэхьэзыращ «Щlыхуэ къалэм теуха тхылъыр». Абы къыщигъэувырт щlэныгъэ зрагъэгъуэтынымкlэ, политикэ гъащlэм хэтныжькlэ щыхухьхэм яlэ хуитныгъэхэм хуэдэхэр бзылъхугъэхэм ирагъэтын хуейуэ.

Мы Iуэхур къаIэтащ еджагъэшхуэ куэдым. Ауэ щlыхухьхэмрэ щlыхуэбхэмрэ хуитныгъэхэм я лъэныкъуэкlэ зохуэгъэзэн зэрыхуейм теуха зэщlэхъеенныгъэм къару езыгъэгъуэтар Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэщ. Иужькlейм абы и лъабжьэр щигъэтIылъащ «Уэлгъуэр, уней мылькур, къаралыр къызытехьукIар» зыфIища и лэжьыгъэшхуэм.

Марксрэ Энгельсрэ я Iуэху еплъыкIэхэр щlэгъэкъуэн яхуэхьуащ иужькlэ къэунэхуа щlыхуэбз зэгуфыкlэнымкlэ, зэныбжьыгъуэхэм.

Щlыхуэбхэм я япэ дунейпсо социалист конференцыр 1907 гъэм Штутгарт (Германиер) щекIуэкIащ. Абы къэрал 15-м щыщ бзылъхугъэ 58-рэ хэтащ. Зэщlэхъеенныгъэр тэмэму ягъэлэжьэн мурадкlэ, зэIуплlэм Дунейпсо щlыхуэбз секретариат кьыщызэрагъэпэщащ Цеткин Кларэ и пашэу.

1914 гъэр къэсыху гуфlэгъуэр къэрал зэмылlэужьыгъуэхэм щагъэлъапlащ гъатхэпэм и 8-м Австриеи, Венгриеи, Германиеи, Нидерландхэм, Урысейм, США-м, Швейцариеи, нэгъуэщl къэралхэм я щlыхуэбзхэм зэгъуэсу ягъэлъапlар а махуэ дыдэрщ.

СССР-ми нэгъуэщl социалист къэралхэми Щlыхуэбхэм я дунейпсо махуэр щагъэлъапlэрт бзылъхугъэхэм я зэфlэкlым хэгъэхьуэным кьыщыхураджэу. 1965 гъэм накъыгъэм и 8-м СССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым гъатхэпэм и 8-р мылэжьбгъэу махуэу игъэуващ.

1977 гъэм ООН-м кьыщта унафэмкlэ къэралхэм хуагъэльэгъуащ гъатхэпэм и 8-р Щlыхуэбхэм я хуитныгъэхэмрэ дунейпсо мамырыгъэмрэ щыщlэбэн махуэу кьалытэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхуэбхэм республикэм сыт и лъэныкъуэкlи зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуащlащ. Абыхэм щlэныгъэ, щlэныгъэ, политикэм, гъуэгуанэм, Саенкъ Татьянэ, Хьэщхьуэжь Татьянэ, Маратэ Иринэ, Арзанунц Александрэ, Гуо Галинэ, Шорэ Рае, Беппаевэ Роэз сымэ, нэгъуэщl куэдми.

Щlыхуэбз льапlэхэ!

Гъатхэм и щlэрэщlэгъуэм теуху махуэмкlэ зыщlэрыгъуэхэм, уэныщагъэ быдэ, дэрэжьгъуэ ин, насыпи фиIэну, фIыуэ тIыгъэту ди республикэм гуащlафlэу фыхуэзэжьну сыэрэригуапэр вжесIэну сыхуейщ.

ЩЫХЬАЛЫ Зэирт,

КъБР-м и Парламентым и депутат, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и япэ секретарь.

●ДифI догъэльапlэ

- Концертхэр иту, дунейр кьыззэкlыхьу, республикэми къэралми я щlыхьыр иIэту къэгъуэгурыкlуэ, Урысейм и щlыхубз артисткэ Гъэсашэ Наталье и пщlыхьапlэ кьыхэхуэртэкъым нэхьапэкlэ зэрыпсэуам зыкlи емыщхь гъащlэ кьыпэщылъу, 1992 гъэм кьызэIуаха Гъуэдж эхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ Къэрал институтым вокалымкlэ и кафедрэм и унафэщlу лэжьэну кьыщыгъэблагъэм, - дыщегъэгъуазэ пшыхьыр езыгъэкlуэкlым уэрэджылакlуэ цlэрыlуэр СКГИИ-м и профессор зэрыгъэщlэфыну. Ар СКГИИ-м вокалымкlэ и кафедрэм и унафэщlщ, Шэнхабзэмрэ гъуэджэмкlэ колледжым уэрэджылакlуэхэр щагъэхьэзыр и кьудамэр и нэIущlэтщ, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ кьалэхэм мастер-класхэр щет. УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм вокал егъэджэныгъэмкlэ и щlэныгъэ-методикэ советым жьыджэру долажьэ, уэрэджылакlуэхэм я уэрыгъейсо, щlыналъэ зэхуэсхэхэм я кьэпщытакlуэ гупхэм хэтщ, а псом кьадэкlуэу, унэгуащlхьэлэмэ тщ, хьэщlэкlэ жумартщ, автомашинэ зэрегъакlуэ, уней хадэм йолэжьыхь, лъакъуэрыгъажкlэ кьежьхь... Кlэщlу жыпlэмэ, зрипщытауэ хуэзэфlэмыкlын щыlэкъым. Апхуэдэщ ди Наталье.

Апхуэдэ псалъэхэм щыхьэт техьуэу утыкум кьихьащ СКГИИ-м и ректорымрэ щlэныгъэ советымрэ хэтхэмрэ, **Рахаев Анатолэ** тыгъэ лъапlэкlэ щlэгъэбдыхьа и хьуэхьу псалъэхэм я ужь, институтым и кафедрэ зэмылlэужьыгъуэхэм я унафэщlхэу **Балъкъэр Тамарэ, Шаугъэшокlу Людмилэ, Шумахуэ Артур, Кlымыхъу Людмилэ, Мыд Мадинэ, Жапщуевэ Лейлэ** сымэ ягъэзэщlащ юбилярым хуауса уэрэдыр (псалъэхэр Шаугъэшокlу Людмилэ, макъамэр Шумахуэ Артур яйщ).

Юбилярым ешъ зжьуну и гуфlэгъуэ пшыхьым уэрэдхэр щыжаIэну кьэкlуат абы иригъэджауэ щытахэри, ноби вокалымкlэ зыдэлажьэ ныбжьыщlэхэри, профессор Гъэсашэ Наталье и цlэр зезыхьэ урысейпсо зэпеуэм и лауреатэрэ. Апхуэдэу концертым щыlу ащ **Бэ Азэмэт, Узденов Аслъэн, Мэкъуауэ Астемир, Белоцерковская Динэ** сымэ, нэгъуэщlхэмэ жаIа уэрэдхэр. Пшыхьыр зыхуагъэльапlэм Урысейм и щlыпlэ, кьалэ зэмылlэужьыгъуэхэм кьикlыу кьыхуэкlуа хьуэхьу телеграммэхэм кьеджащ, удэ гъэгъа-хэмкlэ, саугъэтхэмкlэ, Iэгуау эшхуэкlэ артисткэр щlагъэнащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гуимыхуж зэIущlэ

Гъатхэпэм и 8-м ирихьалlэу екlуакl гуфlэгъуэ зэIущlэхэм ящыщщ Зи ныбжь хэкIуэтахэр щапlыж унэу Налшык къалэ дэтым кьыщызэрагъэпэща гъащlэ.

Сокъур Ольгэ утыку кьохьэ.

МАХУЭКУ кlуам нэхъыжьыфlхэм я деж концерт щатащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и уэрэджылакlуэ цlэрыlуэхэм.

Жьы хьуахэр щапlыж унэм и унафэщlыр апхуэдэ «саугъэткIэ» къзэрыхуэупсар гуапэ лей ящыхъуат нанэхэм, апхуэдэуи фIыуэ яльагъу Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хьэрэдугрэ Динэ сымэ зэрыгъэлъуар, я уэрэдхэм зэредэIуар гуимыкуж ящыхъущ.

Концертыр кьызэзыгъэпэщахэм фIыщlэ хуащIу, я нэгу зезыгъэужьа артисткэм хуэхъуахъуэу зэбгрыкlыжащ абы щыпсэухэр.

ШЫПШ Даянэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къафэ зи дуней

Цыхубз гъэщIэгъэныщэ, зи дуней тетыкIэмрэ зыныгъыкIэмкIэ зыхэтхэм кьахэщым и щапхъэ нэсы жыпIэкIэ ущыуэнукым Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ артистхэ Шортэн Аллэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс кудкIэ зэрыхэтам и закъуэкым ар къыздэсыхуэр. Аллэ и дахагъэр дунейм щызэпльыщIысауэ щытащ, абы и суртэр зытет «Танцующая пара» кIэнфет пхъуантэр дэнэ щыпIи щащэрт.

Т ХАКIУЭ Шортэн Аскэрбийрэ артистхэ цIэрыIуэ Данитхэрэ ялхъу цIыкIур и адэанэм щщхъ жьеитIкъэ! Данитхэ ипхъу закъуэр пианинэм хурагъэджэну и гугъат. И анэм и хьэтыркIэ а макъамэ Iэмэпсымэм еуэу зригъэсами, Аллэ ар Iэщ1агъэ хуэхъуаскым, Шортэн Аллэ кьыхиха Iэщ1агъэм кьыхуэзыгъэушар Шэру Соныщ, абы и утыку итыкIэр ильэгъуа иужьыц адыгэ кьафэм ар хьэщIыкъ щIыхуэхьуар.

Курыт еджапIэм и кьафэкIуэ ансамблым хыхьа Аллэ утыкур зэи ибгынакым. Унисмуэ, абы и кьэфакIуэ гупым хэтащ. А зэманым ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн зи пашэ кьулыкъущIэ зыбжанэ университетым кIуэуэ ансамблым и кьэфэкIэм ельа иужь, Аллэ кзыхахауэ щытащ «Кабардинка» ансамблым хэту Африкэм ягъэкIуэну. Къэрал гъунапкъэм уикIыну ущыхуимыт зэманым Африкэм кIуэныр, абы щыгъуэми, «Кабардинка»-м и гъусэу, ныбжьыщIэм дежкIэ пщIыхьэпIэм хуэдэт. Ар нахуапIэ хьуащ икIи а зэманым щыщIэдзауэ илъэс 20-м щIигъукIэ «Кабардинка»-м хэтащ Аллэ. Университетри кьиухащ, ди къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм, хамэ къэрал куэдым концерт щатащ. А зэманым ар зыщIыхуэ щытахэм жаIэжу зэрызэхэсхамкIэ, уи фIэщ хьунтэкъым Шортэнрыр апхуэдиз илъэс хьуауэ ансамблым къыщыфэу. И зыныгъыкIэкIи, и тепIъэкIи ар езым нэхърэ илъэс куэдкIэ нэхъыщIэ кьэфакIуэхэм ефIэкIырт.

Аллэ иасыпыфIэщ щIэгъэкъуэн нэс кьыхуэхьуу и адэанэр кьиэзэрыщIкъэщIтамкIэ, Тхьэм уэзрельэIунщ жыхуаIэм хуэдэ и кьуэпIымкIэ. Ди тхьагъэ кIэщIыр зытеухуа цIыхубзым и хьэлым нэхъыфI дыдэу хэлъхэм ящыщщ и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм фIэщхъуныгъэ зэрахилхьэфыр.

Мы зэманым Аллэ дъэпкъ кьафэмкIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэ кIыщIатыгъ «Кавказ пшэплхъэр» сабий ансамблым и балетмейстеращ. Шортэн Аллэрэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIэ Тхьэмокъуэ Мартинрэ ныбжьыщIэ цIыкIуэр утыку итыкIэ екIуэ, кьафэ гъуэзджэм и щхъухэм щыхуагъасэ Сабий творчествэмкIэ унэм. УмыгъэщIэгъуэн пльэкIыркъым а цIыкIуэхэм Аллэ зэрахэт щIыкIэр. Абыхэм уэдеплъым, пльэмыкIыу уогупсыс: Аллэ кьафэм ирита илъэсхэр пщIэнщхъым мыпхуэдэ зэфIэкI щиIэкIэ, мыпхуэдэ гъэсэн щиIэу цIыкIуэр кьыщIыщIэхьуэкIэ.

ИСТЕПАН Залинэ.

● Гъуэзджэ

Фым и фыжьыр зыхуэфащэхэр

Ди бзыльхъугъэ дахэхэр щыдгъэльэпIэну махуэшхэр къыщыблагъэм деж, дэтхэнэ цIыхухъуми, тобэр зыщIэни, кьиульхъуэу кьыщIэкIынщ абыхэм зэрахуэупсэн псалъэхэр. А гупсысэхэр гум нэхъ кIэрыпщIэу кьыщIэкIынщ махуэ кьэс кьыдэлажьэ, зи Iэщ1агъэр уи нэрыльагъу цIыхубзхэм щатеухуам деж.

Аращ дэ кьыщыхэтхар республикэ радиом и цIыхубз гуащIафIэхэм, радиожурналист Iэзэхэм яхуэттха усэ сатырхэр. АбыхэмкIэ дэ дыхущIэкъуащ щхьэж и лэжьыгъэм «Хэть хьэтIыр къыдэльыпIа». Кьыдэльплами кьыдэмыхъуплами, газетеджэм жиIэнщ.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
радиом и комментатор,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

МАХУЭЛI Хъаджэт

Гупсысэр кууэуэ кьыщIигъалъэу,
Гъэхуауэ радиом щыпсалъэу...
И телефоныр кьагъэзуу,
Хуопсыхыр хьэщIэхэр чэзуэу...
ФеупщIыт цIыхухэм фэ: ар хэт?
Жэуапыр зыщ: МахуэлI Хъаджэт.

МЫЗ Майе

Нартхэм къыдатауэ
ДиIэщ дэ зы гуащэ,
Мэлычыпхъу Iущу
Радиом хуэфащэу.
Ди гур игъэзагъэу и адыгэ псалъэм,
Ди нэм кьытфIиIуатэу
ФIыуэ зэрытлъагъур.

АБРОКЪУЭ Беллэ

Псэм и махуэр зезыгъакIуэ,
ЦIыху гурыщIэм и лъыхъуакIуэ,
Псалъэр дзэлыкъуэпсу кьабзэу
Радиом щызыгъэзэрабзэ.
Иджы Беллэ бзэм и къуэпс
Иубыдыну зыхуегъэпс.

БАГЪЭТЫР Нинэ

Ди нэтыныр «кIапэ-кIапэу»
ЗэрегъакIу Багъэтыр Нинэ.
Иогугъу ар «Ди зэIущIапIэм»...
Ауэ диIэщ дэ гукъанэ:
«ЗэIущIапIэм, кхъыIэ, кьакIуэ»-
Зыжриlэ кьытхэмыт -
Догуавэ: тщIынур сыт?

КЪУДЕЙ Лидэ

Кьыпищэу Лидэ и
«къупэщыпагъым»,
КъетIэщI емышу
тхыдэм и кууагъыр.
Ар и нэтынхэм Iэзэу хегъэзагъэр,
КъедаIуэ псоми я гур игъэзагъэу.

БЕЙТЫГЪУЭН Аружан

Жиlэр мащIэу, ищIэр куэду,
Жиlэ мащIэри мыкIуэду...
Хэт ар? Радиом и къан
Бейтыгъуэнхэ Аружанщ.

ГЪУБЖЮКЪУЭ Рамэтэ

Лэжьыгъэфым хуэпэжыным
Тетщ и хьэлыр Гулэжьным.
Иджы хъуам ар Гъубжокъуэ,
Махуэ кьэс абы хущIокъур.
Гупым дахэу ар яхэтщ -
Абы и щIэр ХьэIишэтщ.

ГЪУБЖЮКЪУЭ Хьэ1ишэт

Кьэбэрдей-Балъкъэр телевиденэмрэ радиомрэ я ветеран БжэныкIэ Мухьэб, редактор, нэтынхэр езыгъэкIуэкI МахуэлI Хъаджэт, кхъухьтыатэзехуэ-гъэунэхуакIуэ ЕкIуэлъэкIуэ полковник Шыхьэ Аслъэн, нэтын купщIафIэхэр кьыззэзыгъэпэщ, зи макъ гуапэр куэдым яцIыху Мыз Майе, радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI Тэтрокъуэ Астемыр.

● Литературэ

«Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр

Хьэх Сэфарбий зи унафэщI «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм къекIуалIэхэм я нэхъыбэр пщащэщ.

АХЭР Жамбэч Рабия, КъуэщIысокъуэ Нартрэнэ, Нартокъуэ Анжелэ, КIарэ Альбинэ, Кьэзан (Гъыдэ) ФатIимэ, Щомахуэ Залинэ, Хьуэжэ Жаннэ, Гугъуэт Заремэ, ГъукIэкъулI Ирэ сымэщ. Пщащэхэм дэтхэнэми ехъулIэныгъэ яIэщ, я Iэдакъэщ1экIэр ди щIыналъэми ди къуэш республикэхэми кьыщыдэкI газет, журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрытехуам, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм зэрыхэтам, текIуэныгъэ къызэрыщахьам тепщIыхьмэ.

Бзэ дахащэ Iурылърэ адыгэбзэр пшынэбзэм хуэдэу игъэбзаращэу аптхуэдэщ Жамбэч Рабия. И псэр бзэм зэрыхэлъым и щыхьэту къыщIэкIынщ Рабия и лэжьыгъэр. Ар Альтуд кьуажэм и курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щыегъэджакIуэщ. Рабия ныбжькIэ щIалэми, и лэжьыгъэмкIэ фIыуэ ялъытыну хунэсащ, егъэджакIуэ Iэзэу зыкъигъэльэгъуащ. Абы ущыдэуэрэшэркIэ, уи адыгэбзэр нэхъри нэхъыфIыжу уегъэльагъу.

КъуэщIысокъуэ Марьянэ урысыбзэмрэ литературэмрэ хуеджами, анэдэлъхубзэм и дуней дахэм щопсу. Абы и усэхэм уи акъылыр ягъэджэгурэ щIымахуэм укъагъэхуагъэу, гъэмахуэм жьы кьабзэу къыпщыхьуу, гугъэ зэрыщыIэр кьыуагъэщIэжрэ лъагъуныгъэм и Iэфlыр зыхьуагъэщIэу къыпщоху къыгъэм утыку кьрихьэну зытемыгушхуэ Iуэхугъуэхэмрэ цIыхум и гумрэ и гупсысэмрэ «щыулъэпхъащхэр» гъэщIэгъуэныщэу кьеIуэтэф абы. Марьянэ къуршхэр, бгыхэр, щIыуэпсыр хуабжьу фIыуэ ельагъу. Араущ къыщIэкIынущ абы и усэхэр апхуэдэу купщIафIэу, щIэнщэу щIыщытыр, кьызэрыгукI цIыхум и акъылым къыхуэзщIемыгъэуфыдэ Iуэхугъуэхэм тынщ дыдэу щIытепсэльыхьыфIыр.

«Шыхулъагъуэм» и гъэсэнщ КIарэ Альбини. Абы КъБКъУ-м и юридическэ, филологие къудамэхэр зэдзихьащ. ЕджапIэ нэхъыщIэр кьиуха нэужь, УФ-м и МВД-м Краснодар щIиIэ еджапIэм и къудамэу Налшык кьалэ дэтым егъэджакIуэу щIалэжьащ. КIарэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну матхэри, зытетхыхыр кьэгупсыса Iуэхугъуэу щытми, уи фIэщ ещI, тхыгъэм и лIыхъужьым уи гур щIэгъуу, удэгуфIэрэ удэгъыжу апхуэдэщ. Альбинэ и тхыгъэхэр республикэм кьыщыдэкI газетэм зэпымыууэ кьытохуэ, ешыми ткэну апхуэдизкIэ гукъыдэжьышхуэ иIэщ, тхакIуэшхуэ хъунухэм ящыщ кьалъытэ.

Апхуэдэщ Нартокъуэ Анжелэ и Iэдакъэщ1экIэкIри. Анжелэ илъэс зыбжанэкIэ щIылэжьащ унагъуэ хуэмыщIахэм кьахэкIа сабийхэм я узынщагъэм щеIэзэ Iуэхущ1апIэу Куба кьуажэм дэтым. Iэнатlэ гугъу дыдэ Iутми, Анжелэ тхэныр Iэщ1ыб ищIакъым, и лэжьыгъэм зыкъыдигъахуэзурэ «Шыхулъагъуэм» кьеIуэпIащ. Тхэныр гукIи псэкIи хуэпэж щIыхуэм и нэщэнэу кьущIэкIынущ ар.

Кьэзан (Гъыдэ) ФатIимэ сабий усэ щIыкIуэр хъарзынэу кьохьуэпIа. ФатIимэ ныбжькIэ иджыри щIалэ дыдэми, тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIащ, унагъэщ, бын иIэщ. Арами, щIыхубз Iэмащ1э-лъэмащIэ щIыкIуи и гукъыдэжьмрэ гуащIэмрэ щIэнэщэу кьыпщохьу, тхэныр апхуэдизкIэ и псэм щыщщи. ФатIимэ КъБКъУ-м филологиемкIэ и къудамэм щоджэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ кьыхихауэ и къэкIуэнури абы трещIыхь.

Литературэ хасэм иужьыIуэкIэ кьыхиыха тхакIуэхэм, усакIуэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм япэ лъэбакъуэр ячу аращ. Щомахуэ Залинэ, Гугъуэт Заремэ, Хьуэжэ Жаннэ, ГъукIэкъулI Ирэ сымэ иджы ди еджапIэ нэхъыщхьэм щIэсщ, гугъэшхуэхэр уагъэщIу «Шыхулъагъуэм» ирокIуэ.

Дауи, мы пщащэ зэчиифIэ щIыкIуэхэм щхьэж и дуней тетыкIэ дахэ, Iуэху, гупсысэ, хьэл яIэщ, ауэ ахэр псори литературэ хасэм, адыгэбзэм, тхэным зи ищIащ, зэрипхащ, зы гъуэгу тригъэуващ. Дохъуэхъу абыхэм псоми ди литературэм и тхыдэм лъэужь кьыщыанэну, езыхэри насыпыфIэу, узынщэу псэну.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Дэ кьытхуатх

Дэтхэнэ зыми куэд хуэзфIокI

Иужь идъэсхэм, зы жэщ-махуэм тIэу-щэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр» къыщеджэ къохьу. Зеикъуэ дэт район сымаджэщым и гуп зэкъуэтырщ, закъыхуэзыгъаза дэтхэнэми ядэIэпыкъу, зи Iэнатlэр хьэлэлу езыхьэкI лэжьакIуэ емызэщыжхэрщ мы дунейр иджыри ГафIэ кьысщызыщIыр.

АПХУЭДЭ Iуэху бгъэдыхьэкIэр псом япэу зи фIыщIэр гупыр зыуиэтI унафэщIырщ. Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщIхьэ КIуэкIуэ Светланэ и лэжьакIуэхэр хэщIапыхьауэ къыхихащ жыпIэкIи щыуагъэкъым. Куэдрэ зэхэсхащ абы и адэ Мухьэмэд фIыкIэ ягу кьагъэкIыжу, и хьэлэлагъымрэ пэжыгъэмрэ, цIыхум пщIэ яхуищIу, унафащI гумызагъэзу зэрыщытам тепсэльыхьу. Светлани а хьэл-щэн дахэр хэльщ, сыт щыгъуи и нэгур зэIухащ. Сэ сыкъапщтэмэ, абы сыхуэзауэ си Iуэху зыIутым кьыщIэмыупщIауэ ар щызбгэкIа къэхъудкъым.

Дунеим и щIэрэщIэгъуэ, гугъэ дахэ уэзыгъэщI гъатхэм и пэщIэдзэм ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэр ягъэлъапIэ. Сыхуейт абы ирихьэлIеу «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетымкIэ фIыщIэ яхуэсщIыну зи IэнатIэр хьэлэлу езыхьэкI медицинэ лэжьакIуэхэу, зи щIэ кьинсIуэ дохутыр нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Светланэ, фельдшер нэхъыжь Щомахуэ Фуэз, Хьэмырзэ Еленэ, Соблир Мерэ, Шыгъушэ СэIимэт, Хьэмырзэ Джульеттэ, Абазэ Хьэлимэт, Хьэрмокъуэ Хьэлимэт, Мэршэнкъуэ Маретэ, Жэмыхъуэ Ритэ, Нэгъуей Майе сымэ икIи мыпхуэдэу захуэзгъэзэну: Фи узынщагъэр быдэу, мурадыфIу фиIэр кьыпэхъулIэу, фи пщIэр лъагэу, ехъулIэныгъэр фи куэду, беягъэмрэ насыпымрэ фи Iэпэгъуу дунейм гу Тхьэм щыбигъахуэ!

КЪАРДЭН Еленэ.
Бахъсэн район,
Зеикъуэ къуажэ.

● ТхылъыщIэ

«Танзиля папщIэ псалъэ»

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ усакIуэ, Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтым и дауреат Зумакуловэ Танзиля и гъащIэмрэ и гуащIэдэкIымрэ теухуа тхылъ - «Танзиля папщIэ псалъэ» (усакIуэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIеу).

АБДЫ щыдзэхуэхьэсащ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр, тхакIуэхэр, жылагъуэ организацэхэм я унафэщIхэр, къэрал лIыщхьэхэр, политикхэр усакIуэм кьызэрехъуэхьуа псалъэ гуапэхэр.

Тхыльыр екIуу гъэщIэрэщIауэ кьызэрыдэкIамкIэ ФIыщIэ бгъэдэльщ ар щытрадза Республикэ типографкомбинатым.

● Егъэджэныгъэ

IэщIагъэм укъыхихамэ...

Дызыхэпсэукl льэхъэнэм бзылъхугъэм и къалэнхэр куэду зэтопщIыкI. ЦIыхубзым нобэ ущрохьэлIэжыдагъуэм и сыт хуэдэ IэнатIэми, араш унагъуэм и жьэу пащхьэр зыхъумэри. ЗэпэщIэуэу кьыпщIыхьу а Iуэхухэм фIы дыдэу пэльащ, щIыхь льагэ, щIэ льапIэ зыхуагъэфэщахэр адыгэ бзылъхугъэхэм куэду зэрахэтым гушхэныгъэ кьыпхелъхьэ.

АПХУЭДЭХЭМ ящыщщ Налшык кьалэ дэт 12-нэ курыт еджапIэм технологиемкIэ и егъэджакIуэ **Ансыкъуэ Светланэ Асльэнбий и пхър**. 2010 гъэм илъэс 40 ирокIу ар а IэнатIэм зэрыпэрытрэ. Курыт еджапIэ нэужьым, Светланэ щIэтIыхсыауэ щытащ медицинэмкIэ колледжым, ауэ кьиухуу IэнатIэ пэрыхьэн хуей щыхьым, абы зытригубдар егъэджакIуэу лэжьэныр щ. «Iэщ1агъэм кьыхиха» зыхужаIэхэр апхуэдэхэракъэ?! Зи анэр сабий гъэсапIэм и унафэщI пщащэм IэнатIэ кьыщилъыхьуар курыт школырщ. ИкIи махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу сабийхэм дахьэхащ.

- Тхьэм уи натIэм кьиртхам уфIэкIынукъым, - жеIэ Светланэ. - Медколледжым сыщIэсыху сэ зэи си нэгу кьыщIэзгъэхьакъым сымаджэхэм сахэту, дохутыру сылажьэу. Къэзуха нэужьи сымаджэщымкIэ схуэунэтIакъым, атIэ школым сыкIуащ. Яп махуэхэм щегъэжьауэ сэ кьызгурыIуащ сыкьызыхуигъэщIа IэщIагъэр зэрырар. Зэрынэрылъагъущи, апхуэдэ гупсысэхэр пэжу кьыщIэкIащ икIи зи махуи сыщIемыгъэужауэ илъэс 40 хьуауэ цIыкIухэм сахэтщ.

Ныбжьыщ1эхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным апхуэдизу дихьэха Светланэ Москва къэрал академием психологиемкIэ и факультетыр зэрыдахъэм хуэдэурэ кьеух икIи психологиемрэ социологиемкIэ иригъаджэу щIедзэ. Илъэс зыбжанэ дэкIа нэужь, КъБР-м и щэнхабзэр предмет щхьэхуэу школ программэм щыхагъэхьам Светланэщ ар дзыхь зыхуащIар. ИкIи кьрагъэза дзыхьыр игъэпэжу дерс купщIафIэ кьуэд иригъэкIыжащ.

- Школым дерс гъущэ щезгъэкIуэкIкIэ арэзы сыхъуртэкъым, - игу кьегъэкIыж Светланэ. - Ди республикэм ис льэпкъхэм я щэнхабзэр ядкIи, абы сабийхэр фIыуэ щыгъаззу кьэхуп папщIэ льэпкъ музейхэм, паркхэм сшэрт, льэпкъ зэхуэмыдэхэм я хабзэхэм гу зэрыльэгъэтэным, я щыIэкIэ-псэукIэр зэрезгъэльагъуным иужь ситт. Ар цIыкIуэми зэрафIэгъэщIэгъуэныр сльагъурти, сезэшыртэкым икIи сыщIэкIыртэкым.

Зи IэщIагъэр фIыуэ зыльагъу, иригъэдж предметыр зыфIэгъэщIэгъэн Светланэ Iэмал гъуэзэджэ куэд хилъхьащ и лжьыгъэм. КьищынэмыщIауэ, ар класс унафэщIу лажьэрти, цIыкIухэм я гъэсэныгъэми, дуней тетыкIэми кIэльыплъын, ищIин хуей хьурт. НыбжьыщIэхэр гъэсэным хэзагъэу кьалыта Светланэ хьэл нэхъ гугъуэ зиIэ сабийхэр зыщIэх класст иратыр. Школ унафэщIэхэм кьагъэсэбэн а Iуэху бгъэдыхьэкIэм сытым дежи кьрикIуэр зыпэмыплат. Психологием хуеджа Ансыкъуэм дэтхэнэ зы школакIуэми бгъэдыхьэкIэ зырыз я Iэмал зырыз кьахуигъуэтыфырт, я нэхъ еIуэныгъэ кьалытэ щIалэ цIыкIури зыфIигъэзIыкIырт.

- Сэ сабийхэм сазэрыхэтэн методикэ тельыдж сиIэщ, - кьыхегъэщ ми срихьэлIэрт. Дэтхэнэ зы сабийми и хьэл-щэным, и дуней тетыкIэм зы тельыджэ гуэр кьыхэбгъуэтэфу щытын хуейщ. ИтIанэ ар кьыпхуэдэхьэхьнущ, жыпIэми кьыпхутегъэхуэнущ.

Арагъэнщ абы и гъэсэнхэм хэкупсэ нэсхэр, цIыху зэпIэзэрытхэр, Iэщ1агъэдI цIэрыIуэхэр кьащIыхьэкIари. Светланэ иригъэджахэм Урысейми, хамэ къэрал зэхуэмыдэхэми IэнатIэ хъарзынэхэр щрахьэкI икIи гъуэгуанэ пэжым тезыгъэувауэ щыта егъэджакIуэр зэи ящыгъупщэркъым. Ар и гуапэ мэхъу Ансыкъуэм.

Светланэ иджыпсту зыхуригъаджэр технологиерщ. Хьыджэбз щIыкIуэхэращ пщэфIэным, хэдыкIыным, щIыху хэтыкIэм нэхъыбэу хуигъаесэр. Ахэр кьалэм, республикэм щекIуэкI Iэпеуэхэм хэтащ, мызэ-мыгIэуи пашэныгъэхэр кьыщахьащ. Сабийм и зэфIэкIым школ унафэщIхэр кьыщытхъуамэ, зэпеуэхэм гульытэ гуэр кьыщыхуащIамэ, ар и махуэшхуэщ Ансыкъуэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, аращ абы и лэжьыгъэм и хьерыр зыхильъгъуэр, адэкIэ кьыпэщылъхэм тезыгъэгушхэр.

- Хабзэм, нэмысым пщIэшхуэ хуэзыщI щыхущ ди школым щылажьхэр, - кьыддогуашэ Светланэ. - НэхъыщIэм нэхъыжьым пщIэ хуищIауэ, IэнатIэ зэрыуварагъэзэм куэд щIауэ лажьэхэр ядэIэпыкъуу апхуэдизу. Сызыхэт гупыр зэгурыIуэу, зэдэIужу зэрыщытыр, шэч хэмылъу, зи фIыщIэр ди школым и унафэщI Шыгъушх Аслъэнбэчщ. Абы ди лэжьыгъэм нэхъри дытрегъэгушхуэ, кьетхъэжьэ Iуэхухэр кьытхуегъэдахэри, сыткIи зыкъытщIегъакъуэ.

Светланэ зэманым зыдэзыхуэзэ щIалэгъуалэм ядолажьэф. Иджырейхэм я хьэл-щэныр нэхъ гугъуу куэдым кьалытэми, Ансыкъуэм щIалэгъуалэм бгъэдыхьэкIэ кьахуегъуэтыф. Нэхъыщхьэр уэ жыпIэхэр я фIэщ пщIыфынырщ, фIыуэ закъебгъэльэгъуфынырщ, - жеIэ абы. - Мис абы щыгъуэм уи жагъуэ кьэзыщIи, жыпIэр зымыгъэзащIи, ар кьызыфIэмыIуэхуи кьахэкIынукъым. Ныбжьыщ1эхэм куэдрэ щапхъэу кьахуэзоуэ егъэджакIуэхэм я зэхэтыкIэр - школ унафэщIым фIэлIыкIыу, абы жиIэр тIу ямыщIу зэрыздэлажьэм. Балигъэм яхэлъ апхуэдэ хьэлыр ныбжьыщIэхэми зыхалъхьэмэ, гъэзу захуэ дытету аращ. Светланэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ зэман кIыхь хъуауэ и Iэщ1агъэм зэрыхуэпэжымрэ гу лъамыгъэу ягъэнакъым. Абы мызэ-мыгIэу кьыхуагъэфэщащ школ администрацэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык кьалэ департаментым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр, фIыщIэ псалъэхэр. Ауэ абы и псэемыблэж лэжьыгъэм кьыхуащIа гулытэ нэхъыщхьэ дыдэр Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэр кьызэрыфIащарщ, медаль кьызэрыратарщ. Светланэ щогуфIыкI къэрал унафэщIхэм мы гъэрЕгъэджакIуэм и илъэсу зэрагъэувам икIи псомиабы фIыгъуэ куэд кьахудэкIуэну и хуэзэпанэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ

...Адыгэ пщащэр щIыкIафIэщ, и щхьэм и уасэ зыщIэж щIыхуц. ДахагъэкIэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыIэр куэдщIауэ псоми ящIэ: щIыху лъагъуГуафIэхэщ, Iэпкльпэкъ зэкIужэщ, уардэу, Iэдэбу зокIуэхэр. Адыгэ щIыхуБхэм я зэхэщIыкIымрэ я зэфIэкIымрэ лъагэщ.

Николай ДУБРОВИН,
XIX лIэщIыгъуэм псэуа тхыдэтх.

* * *

Адыгэ бзылъхугъэхэр губзыгъэхэщ, гу кьабзэхэщ, куэдым гу льатэ. Абыхэм щIыхухьум пщIэшхуэ ящIикIи иринпэгэн яфIэфIщ я щхьэгъусэхэр лыгъэ щIадзэ щIихуэкIэ кьызыкъуах лIыхъужьыгъэм. Адыгэ бзылъхугъэхэр гущIыгъуэ щIэныфIэхэщ, лэжьыгъэр, кьабзагъэр фIыуэ яльагъу.

Иван БЛАРАМБЕРГ,
1827 гъэм къыщыщIэдзауэ урыс пащтыхьыдэхм къулыкъу щызышIа генерал-лейтенант.

* * *

ЦIыхубзыр дунейм и дыгъэщ,
ЦIыхубзыр дунейм и мазэщ.
Фызмэ - гъащIэ гукъинэщ,
Анэмэ - дунейм и жьлэщ.
ЛIым зыдгъэльагъэ пэтми,
Я льэгуажьэм
ди жьакIэр нэскьым.

АГЪНОКЪУЭ Лашэ,
адыгэ джэгуакIуэщхуэ.

* * *

Хэгъэгуу дэ дыздэщыIахэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыфэ хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ, Iэпкльпэкъ дахэ. Адыгэ бзылъхугъэхэр щIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ, щабагъ гуапэмкIэ.

Абдул-Хьэсэн Али аль-Масуди,
хьэрыш географкъэхутакIуэ.

* * *

...Адыгэ бзылъхугъэр дуней псом кьыщацIыху икIи и дахагъэм ехьэху. Абыхэм я набдзэ щыIэ фIыщIэ псыгъуэ кьурашэм, хьэхскIэр кьызыщIих нэ фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хьурей Iупэ пIащIэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Дуней хьурейм Iэпкльпэкъ зэкIужу тет цIыхухэр мыбдеж Тхьэм щызэхуишэсам хуэдэщ... Дэ, Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжыжьэу Тхьэм дыкьингъэщащ.

ГЕРДЕР Иоган,
нэмыцэ философ-этнограф.

Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ

...Адыгэ щащэр щIыкIафIэщ, и щхьэм и уасэ зыщIэж щIыхуц. ДахагъэкIэ абыхэм япеуэфын зэрыщымыIэр куэдщIауэ псоми ящIэ: щIыху лъагъуГуафIэхэщ, Iэпкльпэкъ зэкIужэщ, уардэу, Iэдэбу зокIуэхэр. Адыгэ щIыхуБхэм я зэхэщIыкIымрэ я зэфIэкIымрэ лъагэщ.

Николай ДУБРОВИН,
XIX лIэщIыгъуэм псэуа тхыдэтх.

* * *

Адыгэ бзылъхугъэхэр губзыгъэхэщ, гу кьабзэхэщ, куэдым гу льатэ. Абыхэм щIыхухьум пщIэшхуэ ящIикIи иринпэгэн яфIэфIщ я щхьэгъусэхэр лыгъэ щIадзэ щIихуэкIэ кьызыкъуах лIыхъужьыгъэм.